CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #२८

८।२।२०७७

भ्रामक समाचार, हल्ला आ अफवाहसभसँ जेना जनजिवन अस्त व्यस्त बनेने छलै, अखन कोरोना भाईरसके महामारीके अवस्था सेहो तेहने छैक । हमसभ् मिलक एकर निराकरणमे महत्वपूर्ण भूमिका निर्वाह क सकैत छी । एहिके लेल अपनासभके विश्वसनिय आ श्रोत खुलल सहि सूचना निर्णायक तहतक प्रवाह क सकैत छी ।

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पत्ता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।



मानिसहरु पर्सा जिल्लाको क्वारेन्टाईनमा

तस्बिर: क्रान्ती शाह




## क्वारेन्टाईन सञ्चालन कर पालना कर परवला न्युनतम मापदण्ड

- प्रति सय कोईके लेल स्वास्थ्य सुरक्षा सामग्री सहित एक चिकित्सक (on site / on call), एक नर्स आ एक प्यारामेडिक होब परत
- धियापुता, जेठ नागरिक, गर्भवती तथा दिर्घ रोगीके आवश्यकता अनुसार खानाके व्यवस्था
- शौचालय सहितके कोठली आ से नै भेलापर न्युनतम प्रतेक कोठलीमे अधिकतम तीन कोईके दरसँ छ कोईके लेल एकटा साझा शौचालय आ स्नान गृह भेल
- ओढवला, बिछाववला आ आवश्यकता अनुसार मछछरजाली सहितके खाट
- मनोपरामर्श सेवा
- स्वस्थ खाना आ शुद्ध पियवला पाईनके व्यवस्था
- नहाव तथा कपडा धोबके लेल पाईन आ साबुनके व्यवस्था
- बिजली, टेलिफोन लगाएतके आधारभूत सेवा
- नियमित सरसफाई

हरेक दिन क्वारेन्टाईन सँ आदमीसभ भागके क्रम बढिरहल छै । ओत रहके लेल तोकलगेल मापदण्ड अनुसार सुविधा नहि भेल कहि शिकायत सेहो आबिरहल छै । सरकार क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन आ अनुगमन तथा निगरानीके लेल बड्का राशी सेहो छुट्यौने अछि । सम्बन्धित पक्षके एहिके कार्यान्वयनमे जोड देब आवश्यक छै ।

स्रोत: https://drive.google.com/file/d/1O_QiNdqn6LyDuwktrgJ983v9jtEaNszl/view

# हल्ला र तथ्य



बड्का व्यापारीके सिफारिस कयने भरमे उद्योग विभाग जथाभावी आवाजाही कर सिफरिस करैत अछि । उद्योगमे काम करवला मजदुरके न सिफारिस न नहि दैछै ।

तथा कर्मचारीके कुल संख्याके एक चौथाई नै बढै तेना क उद्योग वाणिज्य क्षेत्रके सक्रिया संगठनसभ उद्योग विभागके सिफारिस कर सकैय । सञ्चालन कर के लेल तोकलगेल उद्योग बाहेक आरो उद्योग या व्यापारिक फर्मके मुदा सिफारिस कर नै पाओत । निर्धारण कएलगेल उद्योग प्रतिष्ठानमे कार्यरत मजदुरके लेल दैनिक आवाजाही कर सेहो सिफारिस कर नै पाओत । ओकरासभके लेल सम्बन्धित उद्योग प्रतिष्ठानसँ सरकारके तोकल मापदण्ड अनुसार भितरे खाय रहके व्यवस्था मिलाब परत ।

स्रोत: https://www.doind.gov.np/index.php/notice/315-2020-05-17-04-21-35



बहुतो सञ्चार माध्यमसँ कोरोनाके बिमारीके उपचारमे खटल स्वास्थ्यकर्मीसभ बिमारीके बारेमे विवरण नै दैत छै कहि शिकायत करहल अछि ।

चिकित्सकसभ उपचार करैत काल सम्मान पूर्वक गोपनियताके हकके सुनिश्चित करैत चिकित्सकिय नैतिकताके पूर्ण रुपमे पालना कर परैत अछि । बिमारके सम्पूर्ण सूचना तथा अभिलेख चुस्त दुरुस्त आ सुरक्षित राख परैत अछि । सब सूचनासभ निर्धारण कएलगेल आदमीके मात्रे सम्प्रेषण कर परैत छै । तहिसँ चिकित्सकसभ परिवारके सदस्य बाहेक आरो ककरो भी विवरण खुलाब नै मिलैछै ।

स्रोत: https://drive.google.com/file/d/1GavLiOpTqgDYTxsr_vY8jFLLtKrj_gzZ/view



कोरोनाके कारण राजस्व संकलनमे भारी गिरावट एलाके कारणे तेकर परिपुर्ति कर सरकारके भारी कर बढेलासँ भारी मुल्य बृद्धि हेतै कहैत अछि ।

अखनतक प्राप्त अनुमानके अध्ययन करला सँ आगामी आर्थिक वर्षमे आधारभुत मुल्यमे २.२७ प्रतिशत बृद्धि होबके आँकडा केन्द्रिय तथ्यांक विभाग निकालने अछि ।

स्रोत: https://cbs.gov.np/wp-content/upLoads/2020/04/CBS-GDP-Press-Release-2077-1-17-new.pdf



कोरोना भाइरस संक्रमित बिमारीके सम्पर्कमे आयल आदमीसभके सम्पर्क पत्ता लगाबके कोनो समयावधी नै छै ?

नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय ओहन आदमीके पहिचान कर बनौने खोज पड्ताल टोली सात दिनके अन्तरालमे सब कन्ट्याक्टसभके फलोअप कल ओकर जानकारी तोकलगेल फारममे अद्यावधिक कल लेब परत । तैके लेल सब कन्ट्याक्टसभके सम्भव भेलातक प्रत्यक्ष भेटक, नै होई त फोन मार्फत अन्तरवार्ता ललक विवरण लेलाकेबाद ओकरासभके क्वारेन्टाईनमे राख परैछै ।

स्रोत: https://drive.google.com/file/d/1Sv2UHmYej_9sDp_yzBlOfXpPLPcE22C8/view

## सूचनाका स्रोतहरु

नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय कोरोना भाईरस रोग (COVID – 19) सम्बन्धी स्वास्थ्य क्षेत्रको प्रतिकाय

जोन्स् होपकिन्स् कोरोना भाइरस स्रोत केन्द्र

स्वास्थ्य र जनसंख्या मन्त्रालय

कोरोना कोष सञ्चालन निर्देशिका, २०७६

कोभिड(१९ को अवस्थाअ

कृषि तथा पशुपंछी विकास मन्त्रालय

आइ.ओ.एम.

सुरक्षित हुन के गर्ने

प्रधानमन्त्री तथा मन्त्रीपरिषदको कार्यालय



accountabilitylab NEPAL

# मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमे रहल नेपाली कामदार

| साउदी अरव | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ३,३४,४५१ नेपाली | ७१,१९३ नेपाली | २६,००० नेपाली | ४,०६,९१७ नेपाली | २,२४,९०५ नेपाली | १७,०५७ नेपाली | ५,००,००० नेपाली | ३८,८६२ नेपाली |
| ५४,७५२ संक्रमित | १४,८५० संक्रमित | ६,९३० संक्रमित | ३२,६०४ संक्रमित | २३,३५८ संक्रमित | ५,१८६ संक्रमित | ६,८९४ संक्रमित | ११,०६५ संक्रमित |
| ५७४ नेपाली संक्रमित | ८४ नेपाली संक्रमित | २६१ नेपाली संक्रमित | १,६०० नेपाली संक्रमित | १८५ नेपाली संक्रमित | | ४९ नेपाली संक्रमित | |



- गन्तव्य राष्ट्रमे संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्रमे नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमे संक्रमित जनसंख्या

स्रोत: https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html

स्रोत: https://www.covid19.nrna.org.np/

ShramikSanjal

## यु.ए.ई. आ कतारमे कसुर आ जरिवाना सम्बन्धी नियम:

### यु.ए.ई.:

दुबईमे मई २० सँ कार्यान्वित करब कहि साँझ १० बजे सँ भोरके ६ बजेतकके स्टेरीलाईजेसनके कार्यक्रमके साँझ ८ बजे सँ भोर ६ बजेतकके लेल तय कने अछि ।

**यु.ए.ई.मे अखनके अवस्थामे घोषणा कएलगेल कसुर अनुसारके जरिवानाके विवरण ऐहन अछि :**

फेस मास्क प्रयोग नै कलक बाहर घुमफिर करलापर १,००० दिरहाम
कोई कोनो पार्टी, भोज या जमघटके आयोजना करलामे १०,००० दिरहाम
कोनो पार्टी, भोज या जमघटमे सहभागी होब गेलापर ५,००० दिरहाम
प्रतिबन्धित समयमे (साँझके ८ बजे सँ भोरके ६ बजेतक) बिना अनुमति पत्र यात्रा करलापर ३,००० दिरहाम
रेस्टुरेन्ट, सपिङ मल लगाएतके सार्वजनिक ठामसभमे २ मिटरके दुरी कायम नै करलापर ३ दिरहाम
काजकरवला ठाँममे (अफिस) मास्क नै लगेलामे ५०० दिरहाम
काज करवला ठाँममे मास्क नै लगेलामे कम्पनिके ५००० दिरहाम
जे कोभिड-१९ के ट्रेसिङ मोवाईल एप ईन्स्टल कर नै मानत या ईन्स्टल भेल मोबाईल एपके बिगारत ओकरा सेहो बेसी मात्रामे जरिवाना तिर परत।

### कतार:

- कोनो भी कारणसँ घरसँ बाहर निकलकाल कतारके बासिन्दासभके अपन स्मार्टफोनमे एहतराज (Ehteraz) एप प्रयोग कर परत । ई निर्णय २२ मई २०२० सँ लागू हेतै ।
- ट्याक्सीमे २ कोई आ निजि सवारी साधनमे ३ कोई मात्रे यात्रा क सकैत अछि । ई नियम १९ से मईसँ लागू भेल छै ।

कतार सरकारद्वारा लागु कएलगेल नियम तोडलापर ३ वर्ष जेल सजाय आ दू लाख तकके जरिवाना या दून्नु मे सँ एकटा सजाय हेतै ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी

## संघिय सरकार



जम्मा | खर्च

तीन बेर कएक नेपाल सरकार
अर्थ मन्त्रालय मार्फत छुट्याओल गेल

**करिब १ अर्ब ४८ करोड**

कोरोना भाईरस जोखिम नियन्त्रण,
रोकथाम तथा नियन्त्रण कोषमे जम्मा

**करिब २ अर्ब २६ करोड**

कोरोना भाईरस विरुद्धके गतिविधिमे
नेपाल सरकारद्वारा कएलगेल खर्च

**करिब १ अर्ब ८ करोड**

रक्षा मन्त्रालय मार्फत कोरोना रोकथाम
आ नियन्त्रणके लेल आवश्यक
स्वास्थ्य उपकरण किनबाक लेल

**२ अर्ब ३४ करोड** निकासा

### दाता

ए.डि.बि.
करिब ७ अर्ब २० करोड

विश्व बैंक
करिब ३ अर्ब ४८ करोड

आई.एम.एफ.
करिब १३ अर्ब ९ करोड

युरोपियन युनियन
करिब ९ अर्ब ८० करोड

## प्रदेश २

### कोभिड - १९ रोकथाम, नियन्त्रण तथा उपचारके लेल जम्मा बजेट निकासा



अस्पताल, औषधी
तथा उपकरण
रु. ८१,७९,४३,७८०



जिल्ला / प्रदेश विपद
व्यवस्थापन कोष
रु. ६,००,००,०००



सुरक्षा (कारागार कैदी
सुरक्षा सहित)
रु. ४,४५,००,०००



मन्त्रालय ( कोरोना रोकथाम
सम्बन्धी कार्य )
रु. ४,९१,३१,०००



राहत वितरण - १३६ स्थानीय
पालिका मार्फत
रु. ३३,७०,००,०००



प्रदेश कोष
सञ्चालन
रु. २५,०३,२८,०१०



खनेपानी तथा
सरसफाई
रु. १,००,००,०००




मृतक पत्रकारलाई
सहयोग
रु. ५०,००,०००



कृषि ब्याजमा
ऋण राहत
रु. ३६,००,००,०००



**जम्मा बजेट निकासा**
**रु. १,९३,३९,०२,७९०**

स्रोत: https://docs.google.com/viewerng/viewer?url=http://www.moeap.p2.gov.np/sites/moeap/files/2020-04/COVID+बजेट.docx

नोट: ई विवरण पूर्ण नहि अछि। उपलब्ध माध्यमसँ संकलित कए राखल गेल अछि ।
आओर सही तथ्यांक संकलन कए परिमार्जन करैत जाएब ।

accountabilitylab NEPAL

# कोभिड - १९,
# दक्षिण एसिया आ एकर प्रभाव

- बसन्त अधिकारी
सामाजिक अभियन्ता
बिराटनगर

सार्क देशसभ संसारके भूभागक ३.५% मात्रे ओगटलाके बादो ई एसियाके ४०% आ संसारभैरके २४% जनसंख्या धारण करने अछि ।

कोरोनाको: परिक्षण / संक्रमण / मृत्यु

| देश | परिक्षण | संक्रमण | मृत्यु |
|---|---|---|---|
| भुटान | १४,२२३ | २१ | ० |
| नेपाल | ३८,७४० | ४५७ | ३ |
| पाकिस्तान | ४,००,२९२ | ४८,०९१ | १,०१७ |
| अफगानिस्तान | २४,६९७ | ८,६७६ | १९३ |
| बंगलादेश | १,९३,६४५ | २६,७३८ | ३८६ |
| श्रीलंका | ४५,३५१ | १,०२८ | ९ |
| मालदिभ्स | ११,७७५ | १,१८६ | ४ |
| भारत | २४,०४,२६७ | १,१२,३५९ | ३,४३५ |

## साक्षरता



| भुटान | नेपाल | पाकिस्तान | अफगानिस्तान |
|---|---|---|---|
| ६०% | ६७.९% | ५५.३% | ३२% |
| **बंगलादेश** | **त** | **मालदिभ्स** | **भारत** |
| ७२.८९% | ९१.७% | ९८.६१% | ६९.१% |

साक्षरताके प्रतिशत कम भेलसँ एहि क्षेत्रके आदमीसभके चेतनाके स्तरके उजागर करैत अछि।

अफगानिस्तानमे ४२% जनसंख्या गरिबीके रेखासँ नीचा अछि त, पाकिस्तानमे २४%, नेपालमे आ बËलादेशमे २१% तथा भारतमे १७% आदमीसभ अखनो तक गरिबीके रेखासँ नीचा जीवके लेल बाध्य अछि ।

ओहुमे सेहो अई क्षेत्रके अधिकांश आदमीसभ (भारत ८१%, अफगानिस्तान ८१%, बËलादेश ८०%, पाकिस्तान ७०%, नेपाल ६१.२%, श्रीलाा ६०.८%) अखनो तक अनौपचारिक क्षेत्रमे काज करैत अछि ।

पाकिस्तानके ८० लाख, बËलादेशके १ करोड, भारतके ३ करोड, नेपाल आ अफगानिस्तानके लगभग ४० लाख जनता अपन देशमे रेमिट्या( न्सके पैसा पठारहल अवस्था अछि ।

एततक कि नेपालके २८% तथा अफगानिस्तानके १६% कुल ग्राहस्थ उत्पादन रेमिट्यान्स सँ थमने अछि तँ, भारत ७८, पाकिस्तान २२, बËलादेश १६.४ आ नेपाल लगभग ८ अरब डलर अहि श्रोतसँ प्राप्त करवला बातसँ ई देशसभके अर्थतन्त्रमे रेमिट्यान्सके महत्वके ईंगित करैत अछि ।

## आर्थिक स्वतन्त्रता श्रेणीकरण

| श्रेणी | देश |
|---|---|
| ६३ | भारत |
| ८९ | भुटान |
| ९४ | नेपाल |
| ९४ | पाकिस्तान |
| ९९ | श्रीलंका |
| १४७ | मालदिभ्स |
| १६८ | बंगलादेश |
| १७३ | अफगानिस्तान |

accountabilitylab NEPAL

सही सूचना

# कन्ट्याक्ट ट्रेसिङ प्रभावकारी रुपमे नै भरहल छै।
# कि अपनासभ कोभिड - १९ के दोसर भयावह चरणके प्रतिक्षामे छी ?

## ईलाज करारहल कोभिड - १९ क बिमारी आ जम्मा संक्रमितके संख्या




नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालयद्वारा अनुशरण करलगेल कोभिड - १९ सँ संक्रमित बिमारीके पहिचान सम्बन्धी विश्व स्वास्थ्य संगठनके केश निगरानीके परिभाषा अनुसार, संक्रमण पुष्टि भेल आदमी या १४ दिन भितर सम्भावित संक्रमितके सम्पर्कमे आयल जे कोई आदमीके सम्भावित संक्रमित मान परैत छै ।
उपरका ग्राफ १० दिनके अवधीमे कोभिड - १९ सँ संक्रमितके संख्या तीन गुणासँ बढलाके बावजुद शंकापदके संख्यामे स्थिरता छै से देखाबैत अछि । एहि सँ सम्बन्धित निकाय कन्ट्याक्ट ट्रेसिङ प्रति एकदमे कम ध्यान देने देखाबैत अछि । मई २० सँ सम्भावित संक्रमितके संख्या सेहो सार्वजनिक केने नै देखाई अछि । अईसँ कि संकेत करैत अछि जे, कि सरकार प्रभावकारी रुपमे कन्ट्याक्ट ट्रेसिङ कर नै सकिरहल अछि, या त ऊ तथ्यांक संकलन आ सार्वजनिकिकरणके ओते वास्ता नै केने अछि ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

एहि अंकमे समेटल गेल हल्ला, सवाल एवम् सूचनासभ, बहुतो संस्था, व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेब पेज, सामाजिक सञ्जाल, आ सिभिक एक्सन टिम एहि अप्रिल महिना भितर २००० सं बेसी व्यक्तिसभसंगेके संवादसं संकलन कएलगेल छैक । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दएक हल्ला, सवाल एवम् जिज्ञासासभक चयन कएलगेल अछि । एहि अंकमे समेटल गेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल तिथितक सत्य अछि।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

CivActs | Email: civactsnp@accountabilitylab.org | Phone: 9851203219